



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OGMANTASYON EFÒ AJANS ETA YO POU SOUTNI SEMÈN NASYONAL SANSIBLIZASYON ZÒN TRAVAY LA

Dènye ensidan ki enplike Travayè Mentnans yo ak Polis Eta a ki Soulinye Enpòtans Sekirite Zòn Travay la ak Lwa Mover Over New York la

Otorite Thruway, NYSDOT, Polis Eta a, Pèsonèl Ijans ak Lòt Travayè ki nan Bò Wout yo Pral Òganize yon Pwogram Sansiblizasyon Pedagojik nan Tout Eta a nan Dat Vandredi 12 Avril apati 10 a.m. - 2 p.m.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia yon efò k ap dire tout yon semèn bò kote ajans transpò ak entèkansyon ijans Eta New York la pou pwomouvwa ak sipòte Semèn Nasyonal Sansiblizasyon Zòn Travay la [Avril 8-12](#). Pandan tout semèn nan, pèsonèl Otorite Thruway ak Polis Eta a pral vizite 27 zòn sèvis Thruway yo menmjan ak twa Sant Dakèy pou entèraji avèk otomobilis yo epi ba yo materyèl edikatif ki konsène sekirite zòn travay la ak lwa Move Over a (Metè W Akote). Nan kèk lye patikilye, ekip Thruway yo pral afiche ekipman ki fèk andomaje nan ensidan ki te rive nan zòn travay la pou montre danje travayè bò wout yo ap afwonte.

"Aprè plizyè trajedi resan ki te rive sou bò wout nou yo ki enplike travayè transpò ak otorite lalwa yo, li vrèman pi enpòtan pase anvan pou nou edike otomobilis yo sou enpòtans pou obeyi ak lwa sou sekirite sikilasyon yo tout tan", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "New York p ap tolere ditou okenn chofè k ap mete lavi pèsonèl devwe nou an sou andanje, epi pandan n ap sipòte Semèn Nasyonal Sansiblizasyon Zòn Travay la, n ap klarifye ke tout moun ki dezobeyi ak lwa sa yo ap peye pou koupab."

Pandan sezon konstriksyon an ap kòmanse, plis ekip mentnans ak antretyen pral soti sou wout la pou fè reparasyon ak amelyorasyon pou asire wout yo an sekirite pou otomobilis yo. Tout vwayajè ta dwe prepare yo pou redwi vitès epi resevwa anons lè y ap pase nan zòn travay yo. Depi 2000, Semèn Nasyonal Sansiblizasyon Zòn Travay an te rekonèt pa Adiministrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration). Sijè ane sa a se "[Kondwi Tankou W t Ap Travay Isit la \(Drive Like You Work Here\)](#)".

Rekonèt ak konprann pano ki mennen nan zòn oswa anndan yon zòn travay vrèman enpòtan pou sekirite tout chofè ak travayè ki bò wout yo. N ap raple otomobilis yo ke kontravansyon yo double pou vitès nan yon zòn travay epi selon Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakoz yo pran lisans yon moun. Plis konsèy sou sekirite zòn travay la disponib sou thruway.ny.gov.

Ekip Mentnans nan tout eta a ap travay ak veyikil rapid chak jou, pandan yo konnen ke lavi yo depann de chofè ki resevwa anons, chofè ki pasyan epi ki pridan. Li vrèman enpòtan pou otomobilis yo elimine distraksyon, pote atansyon ak wout la ak deplasman travayè yo.

Nan dat 13 Mas la, [travayè mentnans DOT la Matt Howe](#) te pakin sou bò wout la ak limyè li ki t ap klinyote, pou enfòmè otomobilis yo de prezans yon ekip reparasyon woutye pi ba wout la. Yon semi-remòk ki pa te rive mete l akote te frape kamyon Matt la, li te blese l mòtèlman. Li te kite anpil manm fanmi ak zanmi dèyè l.

26 Mas, [kat travayè Mentnans Otorite Thruway](#) te blese lòske yon semi-remokè te antre nan yon zòn travay epi te frape de veyikil Thruway pandan travayè yo t ap fè repasyon nan wout la. Chofè kamyon an te resevwa kontravansyon paske li vyole lwa Move Over a ak plizyè lòt veyikil ak vyolasyon lwa sikilasyon yo. Epitou nan Mas, de Manm Patwouy Eta New York te echape de yon blesi grav nan kolizyon diferan sou Thruway a, ki te enplike chofè ki te resevwa kontravansyon paske yo pa te rive mete yo akote.

Anplis de sa, nan Oktòb 2016, [anplwaye Otorite Thruway Ronald Deming](#) te gravman blese nan Konte Herkimer aprè li te frape pa yon veyikil pandan li t ap ede nan reparasyon yon vwati prive sou otowout la. Chofè a te resevwa kontravansyon paske li te vyole lwa Move Over a. Nan 2017, Otorite Thruway te bay yon videyo [temwanyaj](#) ki montre yon kòlèg Ronald Deming k ap soulinye danje entèvenan New York yo ap afwonte.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Ian Matthew J. Driscoll te deklare, "Jou apre jou, travayè sou bòt wout nou yo riske lavi yo pou wout nou yo rete an sekirite pou tout chofè. Lanmò resan yon travayè mentnans NYSDOT ak kat anplwaye Thruway ki te blese nan yon zòn travay se gwo rapèl danje ekip nou yo ap afwonte. Nou fòtman ankouranje otomobilis yo pou ralanti nan zòn travay yo, rete enfòmè epi sikile si pa gen danje pou fè sa. Kèk segonn ou kapab ekonomize pandan w pa ralanti oswa pandan w ap sikile kapab riske lavi yon lòt moun".

Chèf Pèsonèl Depatman Transpò Eta Ian, Todd Westhuis, te deklare, "Chak jou, nou fè efò pou amelyore sekirite sou wout ak pon nou yo epi sa mande pou travayè nou yo deyò sou wout yo pou fè reparasyon. Travayè nou yo pa ta dwe pè pou lavi yo lè y ap fè travay yo; se yon lòd ke otomobilis yo ralanti epi sikile an sekirite pou travayè woutye yo ak vwayajè yo ansanm kapab rantre lakay yo an sekirite chak jou".

Mark J. F. Schroeder, ki se Komisè Pwovizwa DMV ak Prezidan Pwovizwa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), te deklare, "Nou vle asire ke otowout nou yo sekirize nan mezi sa posib pou tout moun k ap itilize yo - espesyalman pou entèvenan ijans ak polis nou yo k ap mete lavi yo andanje chak jou pou kapab mete nou an sekirite sou wout la. Pou evite trajedi prevantif ak san sans sa yo, tout otomobilis dwe obeyi lwa a pandan y ap ralanti oswa mete yo akote lòske yo rankontre veyikil ijans ak ekip mentnans yo. Tanpri kite atansyon nou sou wout la pandan n ap antre nan sezon konstriksyon an - yon moman distraksyon kapab mòtèl".

Sipè-entandan Pwovizwa Lapolis La Keith M. Corlett te deklare, "Twò souvan, nou temwen trajedi ki rive lè otomobilis yo pa obeyi ak limit vitès ki afiche nan zòn travay sou otowout nou yo. Pandan sezon konstriksyon an ap kòmanse, se yon obligasyon pou chofè yo kontwole vitès yo, rete enfòmè, epi depoze aparèy elektwonik yo pandan y ap pase nan zòn travay yo. Otowout se youn nan anviwònman travay ki pi danjre otorite lalwa ak lòt moun k ap reponn ak ijans ak mentnans wout yo rankontre. Nou angaje tèt nou pou kreye zòn travay ki pi sekirize epi pou pwoteje sila ki dwe travay sou tout otowout ak wout entè-eta nou yo. Sòlda yo pral rete vijilan nan aplikasyon règleman wout la epi y ap bay moun ki pa respekte yo kontravansyon. Nou ankouraje tout chofè yo kontinye fè pati pa yo pandan y ap pote atansyon sou wout yo, pandan y ap ralanti epi mete yo akote lè yo wè yon veyikil ijans oubyen yon ekip mentnans sou kote yon wout".

Nan dat Vandredi 12 Avril la, apati 10 a.m. - 2 p.m., reprezantan Otorite Thruway, NYSDOT, Polis Eta a, pèsònèl ijans lokal, operatè remokè yo ak lòt travayè woutyè yo pral pwomouvwa sekirite zòn travay ak lwa Move Over a nan lye sa yo sou tout Thruway a:

Zòn Sèvis Plattekill

Direksyon nò I-87

Ant sòti 17 (Newburgh - I-84) ak 18 (New Paltz - Rte. 299)

Sant Dakèy Rejyon Kapital

Direksyon nò I-87

Ant sòti 21B (Coxsackie - Rte. 9W) ak 21A (Berkshire Section/rive Mass Pike)

Zòn Sèvis Warners yo

Direksyon lwès I-90

Ant sòti 39 (Syracuse - I-690) ak sòti 40 (Weedsport)

Zòn Sèvis Clarence

Direksyon lwès I-90

Ant sòti 48A (Pembroke - Rte. 77) ak 49 (Depew - Rte. 78)

VYOLASYON LWA MOVE OVER A

Lwa New York Move Over la egzije chofè yo pou yo itilize pridans, ralanti, epi mete yo sou akote san danje lè y ap pwoche veyikil otorite lalwa yo, kamyon ponpye, anbilans, kamyon remòkaj, ak veyikil konstriksyon oswa mentnans ki kanpe sou bò wout yo nan tout eta a.

Lwa Move Over a te adopte an 2011 pou pwoteje Nouyokè k ap travay sou wout la epi yo te elaji lè sa pou mete plis kalite veyikil ijans ak risk yo.

Lwa Move Over New York la te elaji nan Jiyè 2016 pou antre veyikil ponpye volontè ak travayè anbilans yo, ki te aplike anvan sèlman pou veyikil fòs lòd, ijans oubyen veyikil danjere yo. Nouvo lwa a aplike a veyikil ki gen limyè ble, vè, wouj, blan oubyen limyè jòn yo. Lwa elaji a bay ajan fòs lòd yo plis otorite pou penalize vyolatè ki mete sekirite sila k ap travay sou otowout yo an danje. Chofè yo dwe egzèse pridans sou tout wout

atravè Eta New York yo e si li san danje pou fè sa, deplase sou yon sèl liy pou bay espas ki sifizan pou veyikil ak pèsònèl k ap travay sou kote wout la. Nan dat 1ye Novanm 2016 la, lwa Move Over a te elaji plis pou antre veyikil sanitasyon tankou kamyon fatra ak kamyon resiklaj yo.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a te fè yon [Anons Sèvis Piblik](#) nan 2016 ki kontinye jwe nan Eta New York la, ki kontinye ankouraje otomobilis yo pou mete yo akote pou otorite lalwa yo, travayè otowout yo, ak lòt antite ki vize yo.

Malgre chanjman nan lwa a ak efò pou edike otomobilis yo, Polis Eta a kontinye bay sila yo ki vyole nouvo lwa a kontravansyon. Pi ba a n ap jwenn kantite kontravansyon pou twa dènye ane sa yo:

2018: 13,059
2017: 13,173
2016: 11,703

Lwa Move Over a aplike pou toulede bò wout la, pa sèlman nan bò dwat la, e chofè yo jwenn ki pa respekte l yo ka fè fas ak de pwen nan lisans yo ak yon amand 150 dola minimòm pou premye deli a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)